



Pou Piblikasyon Imedya: 20/02/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ACHÈVMAN DEVLOPMAN LOJMAN NAN PRI ABÒDAB KI GEN 33 INITE NAN WESTCHESTER

Maple Commons nan Croton-on-Hudson ki totalman elektrik ofri kay ki abòdab, ki akse sou transpò piblik nan kominote ki favorab pou pyeton epi k ap pwospere

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a achèvmán Maple Commons, yon nouvo devlopman lojman nan Croton-on-Hudson ki ofri 33 kay abòdab, efikas an enèji nan yon kominote ki favorab pou pyeton, ki akse sou transpò piblik. Konplèks 18 milyon dola ki gen de bilding lan, ke Regan Development devlope, abòdab pou rezidan k ap touche jiska 80 pousan Revni Mwayen Zòn (Area Median Income, AMI) la Nan senk ane ki pase yo, Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta Nouyòk la te kreye oswa prezève 5,000 lojman nan pri abòdab nan Konte Westchester. Maple Commons kontinye efò sa a ak konplete Plan Lojman pou senkan 25 milya dola Gouvènè Hochul la ki sou wout pou l kreye oswa prezève 100,000 kay abòdab nan tout eta a.

"Maple Commons pote apatman abòdab ki nesèsè anpil nan Croton-on-Hudson, youn nan premye Kominote an Favè Lojman Eta a", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Devlopman ki trè efikas an enèji a, ki akse sou transpò piblik se dènye egzanp angajman administrasyon mwen an pou fè eta nou an vin pi abòdab epi asire tout Nouyòkè yo gen aksè ak yon kote ki estab ak an sekirite."

Sitiye sou Maple Street nan vilaj Croton-on-Hudson, devlopman ki fèk konstwi a genyen yon pak ki mezire 743 m² (8,000 pye kare) ki ouvri pou piblik la, ak lòt espas komen deyò, tankou yon lakou rekreyasyon. Tout rezidan yo pral resevwa entènèt gwo vitès nan apatman yo.

Devlopman ki totalman elektrik ki trè efikas an enèji a te sètifye nan kad Nouvo Pwogram Konstriksyon Lojman (New Construction – Housing Program) NYSERDA. Mezi efikasite yo enkli ekipman ki gen gwo efikasite pou chofaj ak refwadisman espas, dlo cho domestik, ak aparèy elektwomènaje.

Finansman Eta enkli Kredi Enpo Eta ak Federal sou Lojman ki pral jenere 11.1 milyon dola nan fon pwòp; ak 1.7 milyon dola nan sibvansyon ki soti nan Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta Nouyòk la. Konte

Westchester te bay 1.7 milyon dola nan Fon pou Akizisyon Teren pou Nouvo Kay (New Homes Land Acquisition Program) la.

Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta Nouyòk (New York State Homes and Community Renewal) la, RuthAnne Visnauskas, te deklare, "Envestisman 18 milyon dola nou an nan Maple Commons te ede kreye 33 nouvo kay abòdab ki pral bay opòtinite pou viv nan yon kominote ki an sekirite, ki favorab pou fanmi yo. Mèsi Gouvènè Hochul pou vizyon ak angajman li pou kreye plis opòtinite lojman pou Nouyòkè yo pou yo ka viv yon fason abòdab nan bèl kominote tankou Croton-on-Hudson, ansanm ak patnè nou yo nan Regan Development pou pèmèt pwojè enpòtan sa a reyalize."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta Nouyòk (New York State Energy Research and Development Authority, NYSEDA) la, Doreen M. Harris, te deklare, "Anviwònman bati Nouyòk la jwe yon wòl enpòtan nan pwogrè nou an vè yon avni dirab, epi nouvo pwojè konstriksyon tankou Maple Commons asire ke nou ap franchi etap pou pi devan. Solisyon bilding yo enkòpore, tankou ekipman chofaj ak refwadisman ki gen gwo efikasite, pral benefisye rezidan fiti yo lè yo kreye opòtinite pou yon vi pwòp, an sante ak abòdab pou kominote Konte Westchester a."

Senatè Charles Schumer te deklare, "Chak fanmi nan Westchester merite yon kote ki an sekirite ak abòdab pou yo rele lakay yo. Mwen fyè dèske Kredi Taks pou Lojman Moun ki gen Revni Ba federal ke mwen te travay di pou pwoteje ak elaji te bay plizyè milyon pou ede konstwi 33 nouvo kay nan Maple Commons nan Croton-on-Hudson. Nouvo kay sa yo pral totalman elektrik epi yo pral ofri kominote a nouvo espas deyò, tankou yon lakou rekreyasyon. Depans lojman ki wo se yon faktè kle enflasyon kidonk nou dwe konstwi plis lojman pou travayè yo pou bese pri ki elve sa yo. Mwen bat bravo pou travay Gouvènè Hochul fè pou ogmante aksè nan lojman abòdab nan Konte Westchester ak atravè Nouyòk, epi mwen pral kontinye travay pou bay resous federal yo pou asire ke chak Nouyòkè gen yon twati sou tèt yo."

Senatè Eta a, Peter Harckham, te deklare, "Maple Commons se kalite envestisman kominote nou yo bezwen pou asire aksè ak bon jan kalite lojman abòdab. Felisitasyon Vilaj Croton-on-Hudson ak Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta Nouyòk la pou reyalizasyon sa a. Lè yo priyorize devlopman ki favorab pou klima a, yo ap abòde plizyè defi an menm tan—ki se kreye lojman ki nesèsè anpil, sipòte travay konstriksyon ki byen peye, epi avanse objektif klima eta nou yo."

Madanm asanble Dana Levenberg te deklare, "Felisitasyon pou Vilaj Croton-on-Hudson paske li te kòmanse travay sou nouvo devlopman lojman enteresan sa a. Devlopman sa a se yon lòt demonstrasyon lokal ke lojman abòdab kapab bèl epi pote ekipman ak benefis pou tout kominote a, tankou espas pou rekreyasyon piblik. Mwen tèlman fyè dèske kominote nan distri mwen an ap fè entèvansyon pou yo fè pati pa yo pou ede plis Nouyòkè jwenn yon kote ki abòdab pou yo rele lakay yo, epi ke eta ap ede yo fè sa."

Egzekitif Konte Westchester, Ken Jenkins, te deklare, "Maple Commons transfòme yon teren vid ki pa itilize an kay pou 33 fanmi yo. Nouvo kay vle di plis kliyan ak travayè pou biznis lokal yo ak yon ekonomi lokal ki pi dinamik. Devlopman sa a demontre sa k ap pase lè nou travay ansanm, ak anpil atansyon ak yon fason delibere, pou kreye bon jan kalite lojman abòdab, ki tèlman nesèsè nan kominote nou an. Mèsi anpil ak patnè nou yo nan gouvènman eta ak lokal yo pou kontribisyon yo nan efò sa a. Sa ki pi enpòtan nou akeyi nouvo vwazen nou yo ak pwochen zanmi nou yo nan Maple Commons."

Majistra Croton-on-Hudson Ian, Brian Pugh, te deklare, "Maple Commons transfòme yon teren vid ki pa itilize an kay pou 33 fanmi yo. Nouvo kay vle di plis kliyan ak travayè pou biznis lokal yo ak yon ekonomi lokal ki pi dinamik. Devlopman sa a demontre sa k ap pase lè nou travay ansanm, ak anpil atansyon ak yon fason delibere, pou kreye bon jan kalite lojman abòdab, ki tèlman nesèsè nan kominote nou an. Mèsi anpil ak patnè nou yo nan gouvènman eta ak lokal yo pou kontribisyon yo nan efò sa a. Sa ki pi enpòtan nou akeyi nouvo vwazen nou yo ak pwochen zanmi nou yo nan Maple Commons."

Agenda Lojman Gouvènè Hochul la.

Gouvènè Hochul angaje l pou l abòde kriz lojman Nouyòk la epi fè eta a vin pi abòdab ak pi fasil pou tout Nouyòkè yo. Nan kad Bidjè Ane Fiskal 2025 la, Gouvènè a te jwenn yon akò enpòtan pou ogmante rezèv lojman Nouyòk la atravè nouvo ankourajman taks pou kominote nan Nò Eta yo, nouvo ankourajman ak soulajman ki soti nan kèk restriksyon Eta enpoze pou kreye plis lojman nan Vil Nouyòk, yon fon kapital 500 milyon dola pou konstwi 15,000 nouvo kay sou pwopriyete eta a, yon lòt 600 milyon dola nan finansman pou sipòte yon varyete devlopman lojman nan tout eta a ak nouvo pwoteksyon pou lokatè pwopriyete yo. Anplis de sa, nan kad Bidjè Ane Fiskal 2023 Adopte a, Gouvènè a te anonse yon Plan Lojman senkan, 25 milya dola pou kreye oswa prezève 100,000 kay abòdab nan tout eta a, ki gen ladan 10,000 ki gen sèvis sipò pou popilasyon vilnerab yo, plis elektrifikasyon yon lòt 55,000 kay. Yo te kreye oswa konsève plis pase 55,000 kay jiska dat.

Bidjè adopte ane fiskal 2025 la te ranfòse tou Pwogram Kominote ki an Favè Lojman (Pro-Housing Community Program) ke Gouvènè a te lanse an 2023. Sètifikasyon Kominote an Favè Lojman an se yon egzijans kounye a pou jwenn aksè nan jiska 650 milyon dola nan finansman opsyonèl. Kounye a, yo deja sètifye 275 kominote, ki gen ladan Croton-on-Hudson.

###

ANILE ENSKRIPSYON OU